

Aplikasyon

Pwogram Konfidansyalite Adrès

ENSTRIKSYON:



NYS Department of State
Address Confidentiality Program
P.O. Box 1110
Albany, NY 12201-1110
Telefòn: (518) 474-7306
Telefòn Gratis: (855) 350-4595
Faks: (518) 474-0709
Imel: ACP@dos.ny.gov
Sit entènèt: www.dos.ny.gov/acp

Yon patisipan nan pwogram lan dwe ranpli aplikasyon sa a nan fason pou l ka vini yon patisipan nan Pwogram Konfidansyalite Adrès [Address Confidentiality Program].

Tout aplikan yo ta dwe egzamine enstriksyon yo ki anba pou asire ke yo konprann kijan pou ranpli fòm aplikasyon an komsadwa.

Seksyon 1- Enfòmasyon Patisipan

Non Patisipan Prensipal

Moun kap aplike pou l ka vini yon patisipan nan pwogram lan kapab se yon adilt ki se viktim vyolans domestik, asèlman, ofans seksyèl, ak/oswa trafik imen ki gen laperèz pou sekirite l e ki kite rezidans li akoz kalite vyolans sa a. Aplikan an se kapab tou paran oswa gadyen legal kap aplike nan non yon minè (moun ki anba laj 18 ane) oswa yon moun ki enkapab e yo dwe genyen otorite legal pou aji nan non moun sa a. Aplikan an dwe tcheke kaye ki apwopriye a nan Seksyon 3 ki endike si lap aplike nan pwòp non l oswa nan non yon minè oswa yon moun ki enkapab epi siyen affidavit la.

Patisipan pwogram lan ta dwe enkli non legal li ansanm ak dat nesans.

Tanpri endike nenpòt lòt non ou genyen kounye a oswa sou lòt non ke yo te konnen w.

Si, pou rezon sekirite, ou ta renmen nou transfere kourye w pou ou sou yon lòt non, tanpri endike non an.

Lòt Patisipan yo

Seksyon sa a ka gen ladan lòt manm nan menm kay avèk patisipan prensipal la ki bezwen patisipe nan ACP nan fason pou kenbe patisipan prensipal la ansekirite. Li ka gen ladan tou yon minè, yon moun ki enkapab, oswa yon adilt kap viv nan kay la ki aksepte pou patisipe nan pwogram lan. Lòt adilt yo nan kay patisipan prensipal la ta dwe ranpli affidavit la tou ki nan Seksyon 4 la.

Aplikan an dwe endike tou si lòt manm yo nan kay la se minè, moun ki enkapab oswa lòt adilt kap viv nan kay la. Patisipan pwogram lan ta dwe founi non legal li ansanm ak dat nesans.

Tanpri remake ke depi yon minè vini yon adilt (laj 18), li dwe ranpli yon nouvo aplikasyon epi siyen seksyon 4 nan fason pou l kontinye patisipe nan ACP. Si nouvo manm adilt la neglije pou soumèt nouvo aplikasyon sa a, yap retire non l nan pwogram lan.

Ou kapab fè kopi nan paj sa a si ou bezwen ajoute lòt patisipan.

Adrès Aktyèl Patisipan Prensipal

Sa a se adrès kote patisipan prensipal la abite. Aplikan yo dwe ranpli seksyon sa a, enkli non konte a. Adrès la pa kapab yon Bwat Postal. Patisipasyon nan Pwogram ACP a limite pou rezidan Eta New York yo. Patisipan prensipal la dwe bay yon nimewo telefòn kidonk pwogram ACP a kapab kontakte l. Yo ta dwe bay tou yon lòt nimewo telefòn ki fyab. ACP rekòmande ke patisipan an endike pi bon lè nan jounen an pou l resevwa apèl.

Adrès Postal Patisipan Prensipal la

Sa a se adrès kote patisipan prensipal la ta renmen yo delivre kourye l. Sa a ka rete vid si se menm adrès aktyèl la. ACP ka voye kourye nan yon bwat postal oswa nan yon adrès ki diferan de adrès aktyèl la.

Si adrès la chanje, tanpri kontakte Pwogram Konfidansyalite Adrès [Address Confidentiality Program] pou enstriksyon sou chanje oswa itilize Avi Retrè/Chanjman ACP DOS-1931-f-a <https://www.dos.ny.gov/forms/acp/1931-f-l-a.pdf> . Pa ranpli yon chanjman adrès avèk Biwo Lapòs Etazini.

Adrès Imel: Tanpri endike adrès imèl ou kòm yon lòt metòd kontak pou anplwaye ACP.

Nimewo Idantifikasyon ACP

Sa a se nimewo idantifikasyon inik ke yo bay chak patisipan prensipal ACP. Si patisipan pwogram lan nouvo nan pwogram lan, li pral resevwa yon nimewo ACP nan lapòs. Si yon aplikasyon enplike yon patisipan ki deja resevwa yon nimewo idantifikasyon, nimewo ACP sa a ta dwe enkli sou aplikasyon an.

Enstriksyon for Aplikasyon

Pwogram Konfidansyalite Adrès (ACP) kontinye

Mo Sekirite

Patisipan pwogram lan ta dwe bay yon mo sekre sou aplikasyon an pou kreye yon fason sekirite pou fè pwochen chanjman nan dosye patisipan an. Sa a ta dwe anpeche moun ki pa otorize pou yo pa fè chanjman nan dosye a. Tanpri kenbe l yon kote ki ansekirite.

Patisipan pwogram yo ta dwe bay yon endis pou ede yo sonje mo sekre a. Si patisipan pwogram lan pa ka sonje mo sekre a lè lap ranpli yon fòm chanjman, li ka rele biwo ACP e yon manm pèsònèl la pral bay endis la pou ede l sonje mo a.

Seksyon 2- Lis Verifikasyon pou Patisipan Pwogram

Aplikasyon an ta dwe li atantivman epi konprann chak atik lis verifikasyon nan seksyon sa a. Yon founisè ki bay èd avèk aplikasyon an ka eksplike siyifikasyon chak deklarasyon nan seksyon sa a. Aplikasyon an ta dwe mete inisyal sou chak atik nan lis verifikasyon an, sa ki konfime ke li konprann epi aksepte chak atik.

Seksyon 3 - Afidavit Patisipan Pwogram

Aplikasyon an ta dwe tcheke bwat ki koresponn lan ki endike si lap ranpli aplikasyon an nan pwòp non l oswa si li ranpli aplikasyon an kòm gadyen legal patisipan pwogram lan sou aplikasyon an. Yon aplikasyon dwe gen otorite legal pou aji nan non tout minè ak/oswa moun ki enkapab ki enkil nan aplikasyon sa a.

Patisipan pwogram lan oswa gadyen legal la dwe siyen non l sou liy la ki afime ke tout enfòmasyon ki te founi sou aplikasyon an se laverite epi li kòrèk. Lè mwen siyen aplikasyon an, patisipan afime tou ke li konprann kijan ACP travay ansanm avèk egzijans pou enskri nan pwogram lan.

Seksyon 4 - Afidavit Lòt Manm Adilt nan kay la

Chak manm adilt nan yon kay ki vle patisipe nan ACP ta dwe tcheke kazye ki afime ke li se yon manm nan kay la e li vle patisipe nan ACP a. Chak manm adilt kap patisipe nan kay la dwe fè kopi fòm sa epi ranpli l.

Patisipan pwogram lan oswa gadyen legal la dwe siyen non l sou liy la ki afime ke tout enfòmasyon ki te founi sou aplikasyon an se laverite epi li kòrèk. Lè mwen siyen aplikasyon an, patisipan afime tou ke li konprann kijan ACP travay ansanm avèk egzijans pou enskri nan pwogram lan.

Seksyon 5- Founisè ki bay èd avèk Aplikasyon (si aplikab)

Si yon founisè ki bay èd avèk aplikasyon an eksplike Pwogram Konfidansyalite Adrès la bay yon aplikasyon epi ede l ranpli fòm yo, aplikasyon an ta dwe gen ladan non ajans lan, kòd ajans ki koresponn lan, non moun kontak ajans lan avèk nimewo telefòn ajans lan.

Si yon aplikasyon ap aplike san èd yon ajans, li pa nesèsè pou ranpli seksyon sa a.

Ou ta dwe voye nan adrès ki endike sou aplikasyon an fòm aplikasyon ki ranpli yo.

Aplikasyon

Pwogram Konfidansyalite Adrès (ACP)



NYS Department of State
Address Confidentiality Program
P.O. Box 1110
Albany, NY 12201-1110
Telefòn: (518) 474-7306
Telefòn Gratis: (855) 350-4595
Faks: (518) 474-0709
Imel: ACP@dos.ny.gov
Sit entènèt: www.dos.ny.gov/acp

Li enstriksyon yo avèk anpil atansyon anvan ou ranpli aplikasyon sa a. Tanpri ENPRIME oswa TAPE repons yo avèk plim.

SEKSYON 1: Enfòmasyon Patisipan Patisipasyon nan Pwogram ACP a limite pou rezidan Eta New York yo.

Non Patisipan Prensipal (Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi) **Nimeewo Idantifikasyon ACP** (si gen dosye ki egziste) _____

Prenon

Dezyèm Prenon

Last Non

Dat Nesans(JOU/MWA/ANE)

Tanpri endike nenpòt lòt non ou genyen kounye a oswa sou lòt non ke yo te konnen w tankou:

Alyas: Si, pou rezon sekirite, ou ta renmen nou transfere kourye w pou ou sou yon lòt non, tanpri endike non an isit la:

Mwen se yon rezidan nan Eta New York:

Wi Non

Mwen se viktim nan: **vyolans domestik** **asèlman kriminel** **ofans seksyèl** **Trafik Imen**

Lòt Patisipan yo (Prenon, Dezyèm prenon, Non Fanmi) -- Ou ka gen kopi paj sa a epi atache li si ou gen lòt patisipan yo.

Prenon	Dezyèm Prenon	Non Fanmi	Dat Nesans (JOU/MWA/ANE)	(Minè/Enkapasite/Adilt kap viv nan kay la)
Prenon	Dezyèm Prenon	Non Fanmi	Dat Nesans (JOU/MWA/ANE)	(Minè/Enkapasite/Adilt kap viv nan kay la)
Prenon	Dezyèm Prenon	Non Fanmi	Dat Nesans (JOU/MWA/ANE)	(Minè/Enkapasite/Adilt kap viv nan kay la)

Adrès Aktyèl Patisipan Prensipal (Adrès kote aplikan abite aktyèlman) *obligatwa pou patisipe nan pwogram lan.

Adrès 1: _____

Adrès 2: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____ Konte: _____

Nimewo Telefòn (Lajounen): _____ Nimewo Telefòn (Aswè): _____ Lòt telefòn sekirize: _____ Pi bon lè pou rele: _____ AM PM

Adrès Postal Patisipan Prensipal * (Adrès kote ACP pral voye kourye aplikan an si li diferan de adrès ki anwo a)

Adrès 1: _____

Adrès 2: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____ Konte: _____

Adrès Imel: _____

- Si adrès la chanje, tanpri kontakte Pwogram Konfidansyalite Adrès [Address Confidentiality Program] pou enstriksyon sou chanje oswa itilize Avi Retrè/Chanjman ACP DOS-1931-f-a <https://www.dos.ny.gov/forms/acp/1931-f-a.pdf>. Pa ranpli yon chanjman adrès avèk Biwo Lapòs Etazini.

Èske ou te janm patisipe nan Pwogram Konfidansyalite Adrès [Address Confidentiality] Wi Non

Si wi, tanpri bay Nimewo # Idantifikasyon ACP _____

Mo Sekirite - Mo sekre a pral itilize pou tout pwochen chanjman nan dosye w - Li enpòtan pou kenbe w yon kote ki enpòtan.

Bay mo sekre w: _____

Bay yon endis ki pral ede w sonje mo sekre a: _____

SEKSYON 2: Lis Verifikasyon pou Patisipan Pwogram nan - Tanpri mete inisyal sou chak atik.

- ___ Mwen konprann ke ACP se yon sèvis kap transfere kourye sèlman e kourye mwen ap vini nan adrès postal pwogram lan an premye nan Albany anvan yo transfere l ban mwen. Sa vle di li pral pran plis tan pou m reevwa kourye m, sa ki gen ladan kourye legal ki ka gen ladan materyèl enpòtan. Mwen konprann tou ke ACP pral transfere sèlman kourye premye klas ak dokiman legal ban mwen e LI PA PRAL transfere magazin, katalòg, pake oswa kourye endezirab sof si li klèman idantifyab kòm pwodui famasi oswa endike klèman ke li soti bò kote yon ajans gouvènman.
- ___ Mwen konprann ke se responsablite m pou m enfòmè anplwaye gouvènman lokal ak eta ke mwen vle itilize adrès ranplasan ACP a epi map bezwen pou m montre yo kat ID ACP mwen. Mwen konprann tou ke si mwen bay yon ajans gouvènman adrès aktyèl mwen, ajans sa pa gen okenn obligasyon pou kenbe enfòmasyon m konfidansyèl.
- ___ Mwen konprann ke yo pa pral transfere kourye m ban mwen si yo voye l sou yon non ki diferan de non ki nan dosye ACP. Mwen konprann tou ke si mwen ranpli yon fòm aplikasyon epi mwen itilize yon non ki diferan de non legal mwen, sa ka lakoz nan refi privilèj ACP nan sèten ajans si yo mande yon non legal pou ka jwenn aksè nan sèvis yo.
- ___ Mwen konprann ke konpayi prive yo (tankou asirans, telefòn, sèvis piblik yo, elatriye) pa oblije itilize adrès ranplasan ACP a e yo ka mande yon adrès rezidansyèl aktyèl.
- ___ Mwen konprann ke ACP entèdi dapre lalwa pou l pibliye adrès aktyèl mwen bay yon tyès pati. Toutfwa, ACP a ka divilge adrès aktyèl mwen an si tribinal yo mande pou yo fè sa a, oswa si yon ajans lapolis mande l pou rezon ranfòsman lalwa lejitim.
- ___ Mwen konprann yap retire m nan pwogram lan si mwen bay fo enfòmasyon sou aplikasyon ACP mwen an. Mwen konprann tou ke ACP pral anile patisipasyon m si mwen chanje non w oswa adrès mwen epi mwen pa mete pwogram nan okouran nan lespas 14 jou, oswa si kourye mwen retounen kòm non-delivrab.

SEKSYON 3: Afidavit Patisipan Pwogram - Tanpri tcheke youn nan sa ki annaprè yo.

- Mwen afime ke mwen, kòm yon patisipan nan pwogram lan se yon viktim vyolans domestik, asèlman kriminel, ofans seksyèl, ak/oswa trafik imen. Mwen te kite kay mwen akòz vyolans sa yo e mwen gen laperèz pou sekirite m ak/oswa sekirite pitit mwen yo. Mwen gen otorite legal pou aji nan non tout minè ak/oswa moun ki enkapab ki enkli nan aplikasyon sa a.
- Mwen afime ke mwen se gadyen legal aplikan yo ki endike sou aplikasyon sa a e mwen ap aji nan non yon minè oswa yon moun ki enkapab ki se viktim vyolans domestik, asèlman seksyèl, ofans seksyèl, ak/oswa trafik imen ki te kite kay yo akòz kalite vyolans sa e yo gen laperèz pou sekirite yo. Mwen gen otorite legal pou aji nan non tout minè ak/oswa moun ki enkapab ki enkli nan aplikasyon sa a.

Afimasyon Aplikan:

Mwen afime nan dokiman sa a anba penalite ke tout enfòmasyon mwen bay sou aplikasyon sa a se laverite epi li kòrèk. Mwen konprann ke mwen pral kourye premye klas, anrejistre ak sètifye grasa pwogram sa a. ACP pa transfere magazin, pake, oswa kourye endezirab. Mwen konprann ke deplase soti nan adrès rezidansyèl mwen ke mwen bay sou aplikasyon sa a oswa chanje adrès postal mwen san yo pa enfòmè ACP an premye ka lakoz nan anilasyon patisipasyon m nan ACP. Mwen deziyen nan dokiman sa a Sekretè Eta kòm ajan mwen pou sèvis pwosesis ak resepsyon kourye.

Siyati Aplikan _____ Ekri non anlèt detache _____ Dat _____

SEKSYON 4: Afidavit Lòt Manm Adilt nan kay la - Tanpri tcheke youn nan sa ki annaprè yo.

Nenpòt manm adilt ki nan menm kay avèk patisipan prensipal la ta dwe ranpli seksyon sa a.
Fè yon kopi paj sa a epi atache l pou nenpòt lòt manm anplis nan kay la.

- Mwen afime ke mwen se yon manm adilt nan menm kay avèk patisipan pwogram lan ki nan aplikasyon sa a epi konsanti pou patisipe nan ACP.

Afimasyon Aplikan:

Mwen afime nan dokiman sa a anba penalite ke tout enfòmasyon mwen bay sou aplikasyon sa a se laverite epi li kòrèk. Mwen konprann ke mwen pral kourye premye klas, anrejistre ak sètifye grasa pwogram sa a. ACP pa transfere magazin, pake, oswa kourye endezirab. Mwen deziyen nan dokiman sa a Sekretè Eta kòm ajan mwen pou sèvis pwosesis ak resepsyon kourye.

Siyati Aplikan _____ Ekri non anlèt detache _____ Dat _____

SEKSYON 5: Founisè ki bay èd avèk Aplikasyon -(si aplikab)

Non Ajans: _____ Kòd Ajans: _____
Non Kontak Ajans: _____ Nimewo Telefòn: _____
Siyati _____

Tanpri retounen aplikasyon ki ranpli a nan:	NYS Department of State Address Confidentiality Program P.O. Box 1110, Albany, NY 12201-1110 (518) 474-0709
OSWA retounen bay ACP atravè Faks nan:	